

# 4 pwogram ki kapab ede w peye pou depans medikal ou yo



This is an Official U.S. Government Product

Gen pwogram Federal ak Eta ki disponib pou moun ki gen Medicare si gen revni ak resous ki desann anba sèten limit. Pwogram sa yo gendwa ede w ekonomize sous wen sante ak fakti medikaman sou preskripsyon ou yo. Fèy enfòmasyon sa a gen ladann enfòmasyon konsènan pwogram sila yo :

- Medicaid
- Pwogram Ekonomi Medicare
- Benefis pou Revni Sekirite Siplementè (SSI) yo
- Asistans siplementè

## Medicaid

Medicaid (yo konn rele li tou Asistans Medikal) se yon pwogram gouvènman federal la ann asosyasyon ak Eta yo ki ede peye fakti medikal pou sèten moun ak fanmi ki gen revni ak resous ki limite. Medicaid pral peye doktè, famasyen, lopital oswa lòt founisè k ap patisipe yo e ki ba w swen.

Chak Eta deside se ki konte kòm revni ak resous, kimoun ki elijib, ki sèvis ki kouvari ak pri pou sèvis yo. Eta yo gendwa deside tou fason pou jere pwogram yo toutotan yo respekte direktiv federal yo.

Si w bezwen plis enfòmasyon osijè Medicaid, al gade nan [www.medicare.gov/publications](http://www.medicare.gov/publications) pou kapab konsilte tiliv la ki rele « Medicaid : kijan pou kòmanse »

## Pwogram Ekonomi Medicare

Eta yo gen pwogram kip eye prim Medicare e, nan sèten ka, yo gendwa ede peye tou pou Medicare Pati A (Asirans lopital) ak Medicare Pati B (Dediktib ak ko-asirans Asirans Medikal la). Pwogram sa yo ede moun ki gen Medicare economize lajan chak ane :

- Benefisyè Kalifye Medicare (QMB) — ede w peye prim Medicare Pati A ak Pati B yo ansanm ak lòt depans pataje (tankou dediktib, koasirans ak kopeman) si revni w ak resous ou yo nan nivo oswa pi ba pase yon sèten nivo.
- Benefisyè Medicare espesifye ki gen revni fèb (SLMB) ak Moun ki kalifye (QI) — ede peye pou prim Pati B yo si revni w ak resous ou yo rive nan yon sèten nivo.
- Moun kalifye ki andikape e k ap travay (QDWI) — ede peye prim Medicare Pati A yo si revni w ak resous ou yo rive nan yon sèten nivo.

Si w bezwen plis enfòmasyon osijè Pwogram Ekonomi Medicare yo, al gade nan [www.medicare.gov/publications](http://www.medicare.gov/publications) pou kapab konsilte tiliv la ki rele « Jwenn asistans pou peye fakti Medicare ou yo : ann kòmanse. »

## Benefis pou Revni Sekirite Siplementè (SSI) yo

SSI se yon montan mansyèl Sekirite Sosyal peye moun ki gen revni ak resous ki limite e ki andikape oswa ki gen plis apse 65kan. Benefis SSI yo bay lajan kach pou kapab peye pou bezwen ijan tankou manje, rad ak lojman. Benefis SSI yo pa menm ak benefis Sekirite sosyal yo.

Ou gendwa ale nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) e sèvi ak « Zouti deteksyon elijibilite pou benefis » la pou chèche konnen si w kalifye pou SSI oswa pou lòt benefis, oubyen rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213. Moun ki malantandan ta dwe rele nan 1-800-325-0778.

## **Asistans siplemantè**

Si w gen ti revni ak resous ki limite, ou gendwa kalifye pou yon Asistans siplemantè pou ede w peye fakti medikaman Medicare ou yo. Montan lajan Asistans siplemantè a baze sou revni w ak resous ou yo.

Si w kalifye pou Medicaid, youn nan Pwogram Ekonomi Medicare yo oswa SSI, w ap kalifye otomatikman pou Asistans siplemantè pou ede w peye fakti medikaman sou preskripsiyan Medicare yo. Nivo revni ak resous yo gendwa chanje chak lane. Sèl fason pou konnen vreman si w kalifye se pou aplike nan biwo biwo Asistans medikal Eta (Medicaid) ou an.

Si w bezwen plis enfòmasyon, al ade nan [www.medicare.gov/publications](http://www.medicare.gov/publications) pou wè tiliv la ki rele « Gid pou asirans medikaman sou preskripsiyan Medicare ».

## **Pou kapab jwenn plis enfòmasyon**

- Rele oswa ale nan biwo Asistans Medikal Eta (Medicaid) a e mande enfòmasyon sou Pwogram Ekonomi Medicaid ak Medicare yo. Non pwogram sa yo ak fason yo fonksyone gendwa chanje pou chak Eta. Rele si w panse w kalifye pou youn nan pwogram sa yo, menmsi w pa si.
- Kontakte Pwogram Asirans Eta a pou Asirans sante (SHIP) pou kapab benefisyé yon seyans konsè sou asirans sante.
- Al gade nan [www.medicare.gov/contacts](http://www.medicare.gov/contacts) oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou kapab jwenn ninewo telefòn biwo Medicare ak SHIP lan. Moun ki malantandan ta dwe rele nan 1-877-486-2048.
- Al gade nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa rele nan Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213 pou kapab jwenn enfòmasyon sou SSI oswa pou depoze yon demann pou Asistans siplemantè. Moun ki malantandan ta dwe rele nan 1-800-325-0778.



Produi CMS Nimewo 11445-HC (Haitian Creole)  
Revizyon nan mwa novanm 2011